**दिन–शनि** **दिनांक–25.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक छठम चरणक मतदान आइ शांतिपूर्वक सम्पन्न भऽ गेल। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ पाँच बजे धरि कुल बावन दशमलव दू चारि प्रतिशत मतदान भेल छल। आइ जाहि आठ संसदीय क्षेत्र मे मतदान भेल ओहि मे एखन धरि सभ सँ बेसी वैशाली मे छप्पन दशमलव एक एक प्रतिशत मतदान भेल अछि। ओतहि, शिवहर मे चौवन दशमलव तीन सात पश्चिम चंपारण मे छप्पन दशमलव दू दू पूर्वी चंपारण मे छप्पन दशमलव सात आठ वाल्मीकिनगर मे चौवन दशमलव शून्य नओ महाराजगंज मे उनचास दशमलव एक पाँच गोपालगंज मे छियालीस दशमलव सात सात आ सीवान मे सैंतालीस दशमलव चारि नओ प्रतिशम मतदान हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। मतदान सांझ छओ बजे धरि चलल। सुरक्षाक दृष्टि सँ वाल्मीकिनगर लोकसभा क्षेत्रक रामनगर विधानसभा क्षेत्रक पचीस बूथ आ वाल्मीकिनगर विधानसभा क्षेत्रक उनतीस बूथ पर सांझ चारि बजे धरि मतदान कराओल गेल।

---

लोकसभा चुनावक छठम चरणक अंतर्गत आइ भेल प्रदेशक आठ संसदीय सीट पर चुनाव मे आठ महिला प्रत्याशी समेत कुल छियासी उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। सभ सँ बेसी बहुजन समाज पार्टीक सात उम्मीदवार चुनाव मे छथि। जदयूक चारि, भाजपाक तीन, राजदक चारि, कांग्रेसक दू आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक एक उम्मीदवार एहि चरणक चुनाव मे अपन भाग्य आजमा रहल छथि। पैंतीस निर्दलीय उम्मीदवार सेहो चुनाव मैदान मे छथि। सीवान आ वाल्मीकिनगर लोकसभा सीट पर त्रिकोणीय संघर्ष अछि। जखनकि आन छओ सीट पर मुख्य मोकाबिला एनडीए आ इंडी गठबंधनक उम्मीदवारक बीच मानल जा रहल अछि। वाल्मीकिनगर मे जदयूक सुनील कुमार कुशवाहा आ राजदक दीपक यादवक अतिरिक्त कांग्रेसक बागी प्रत्याशीर प्रवेश मिश्रा चुनावी संघर्ष के त्रिकोणीय बना देने छथि। ओतहि, सीवान मे जदयूक विजयलक्ष्मी देवी, राजदक अवध बिहारी चौधरी आ निर्दलीय हिना शहाबक मध्य त्रिकोणीय संघर्ष भेल अछि।

---

पूर्वी चंपारण मे भाजपाक राधा मोहन सिंह आ वीआईपीक राजेश कुमारक मध्य संघर्ष भेल अछि। पश्चिम चंपारण मे भाजपाक डॉक्टर संजय जायसवाल आ कांग्रेसक मदन मोहन तिवारी आमने–सामने छथि। शिवहर मे जदयूक लवली आनन्द तथा राजदक रितु जायसवालक मध्य मुख्य मोकाबिला मानल जा रहल अछि। ओतहि, वैशाली मे लोजपा रामविलासक वीणा देवी राजदक मुन्ना शुक्ला के चुनौती दऽ रहल छथि। गोपालगंज मे जदयूक आलोक कुमार सुमन आ वीआईपीक प्रेमनाथ चंचल आमन–सामने छथि। महाराजगंज मे भाजपाक जनार्दन सिंह सिग्रीवाल आ कांग्रेसक आकाश कुमार सिंहक मध्य सोझा–सोझी टक्कर अछि।

---

प्रदेश मे सातम आ अंतिम चरणक लेल चुनाव प्रचार अभियान जोर पकड़ि लेलक अछि। एहि चरण मे प्रदेशक आठ संसदीय क्षेत्र नालंदा, पाटलिपुत्र, पटना साहिब, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद सीट पर एक जून के मतदान होयत। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्रक विक्रम मे पार्टी उम्मीदवार रामकृपाल यादव, काराकाट लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए उम्मीदवार उपेन्द्र कुशवाहा आ बक्सर मे भाजपाक उम्मीदवार मिथिलेश तिवारीक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। पाटलिपुत्रक सभा के सम्बोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे इंडी गठबंधनवला पछड़ल जातिक आरक्षण समाप्त करबाक योजना बना रहल छथि। ओ कहलनि जे मोदी के रहैत ई कहियो सम्भव नहि होयत। ओ काराकाटक सभा मे लालू प्रसाद आ हुनक परिवारवाद पर निशाना लगबैत कहलनि जे राजदक लालटेम मात्र एकहि परिवार के रोशनी दैत अछि।

---

एम्हर, जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आरा आ जहानाबाद लोकसभा क्षेत्रक संग–संग अगिआंव विधानसभा उपचुनाव लेल एनडीए उम्मीदवारक समर्थन मे चुनावी रैली कयलनि। दोसर दिस राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ वीआईपीक प्रमुख मुकेश सहनी भोजपुर, नालंदा आ पाटलिपुत्र लोकसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। भाकपा मालेक राष्ट्रीय महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य काराकाट लोकसभा क्षेत्रक दाउदनगर मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

———————————————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे मौसम शुष्क बनल अछि। कतेको ठाम अधिकतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस वृद्धि दर्ज कयल गेल। किछु स्थान पर लू चलबाक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व भाग के छोड़ि कऽ एक बेर पुनः गर्मीक प्रकोप बढ़ि गेल अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।